

## **Lapriyè Dyosèz la pou Bondye proteje n kont pandemik maladi coronavis la**

Bondye renmen ak lagras la, kòm nou toujou fè tout tan, nou vire gade Ou pou n enpire proteksyon Ou ak gerizon Ou kòm nou an fas yon nouvo pandemik enemi ki se conavirus ki vini pou l boulvèse sante nou ak fason n ap viv. Ede nou fè yon sèl youn ak lòt ak tout frè n ak sè n yo ki enfekte ak maladi sa a nan mond lan. N ap lapriyè pou tout moun ki sou teren an k ap ede malad ki enfekte yo ak tout Syantis k ap travay pou jwenn yon gerizon, n ap lapriyè tou pou tout lidè gouvènman yo. N ap raple nou tou tout moun ke viris sa a deja touye, n ap lapriyè pou tout fanmi yo ki ki fè pèd.

Nan moman frajil sa a, kote tout moun pa fin konnen sa pou yo fè, n ap mande W, Granmèt, pou W ba nou anpil pridans, lespwa, kouraj ak pasyans. Retire sou nou perèz, panik ak mank konfyans ki kapab detounen lespri nou sou kòman pou n byen viv.

N ap fè demand priyè nou yo nan non Pitit ou renmen anpil la, Jezi Kri, Ki toujou geri tout moun ki malad ak tout kalite maladi, epi retire tout vye demon. Notre Dame, Patron Dyosèz nou an, Rèn tout Apot yo, konfòtè tout moun ki aflikte yo, priye pou nou. Amèn.